

e-Tips for Families

M-DCPS Office of Community Engagement |
engagemiamidade.net | @MDCPSCommunity

Primary Creole Jen 2020

TOUT TIMOUN KA APRANN DIRIJE



Kèk timoun sanble yo te fèt tou lidè. Yo gen konfyans nan tèt yo, responsiblite, sèvyabilite ak jantiyès ki fè lòt moun vle travay avèk yo.

Men tout timoun, keseswa yo “fèt lidè” oubyen non, gen kapasite pou yo vin lidè. Men kèk fason ou ka ede pitit ou a devlope ladrès pou l lidè:

Gade lidè yo nan nouvell. Keseswa w ap gade yon istwa sou yon ekip foutbòl ki ap genyen oubyen yon efò kominotè pou bati yon plas piblik, ede pitit ou a wè gen yon moun ki te lidè gwoup sa a. Pale sou sa ki fè moun vin

bon lidè.


Vin yon lidè ou menm. Elèv lekòl elemantè vle tankou paran yo. Lè ou pran yon wòl lidè—nan lekòl, biznis ou oubyen kominote w—di pitit ou a sa w ap fè e poukisa. “Mwen te fè volontè pou kolekte fon pou lekòl ou a paske mwen vle bibliyotèk lekòl ou a gen plis liv.”

Anseye pitit ou a pou wè bagay yo apati pwendvi lòt moun. Bon lidè pa otoritè. Yo fè moun vle travay ansanm.

Chèche opòtinite pou sèvi kòm lidè. Timoun ka aprann ladrès pou vin lidè nan klìb, eskout, espò ak nan anpil lòt òganizasyon. Reyinyon fanmi se lòt bon fason pou devlope ladrès lidè “ki fèt lakay.” Kite timoun yo dirije reyinyon yo e fè pwojè famiyal yo youn aprè lòt.

Pa bay presyon. Pouse yon timoun depase abilite li ap detwi amou pwòp li, li pap devlope li. Si pitit ou a sanble li gen estrès oubyen li pa kontan, li lè pou lache priz.

Se prezantasyon



Lekòl Leta Miami-Dade County
<http://www.engagemiamidade.net/>